



Pou Piblikasyon Imedya: 12/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MODIFIKASYON 30 JOU NAN BIDJÈ A POU EDE
FINANSE VÒT BONÈ NAN TOUT NEW YORK**

***Chak Konte nan New York Pral Ofri Opsyon Vote Bonè Nan 12 Jou Ki Vini Anvan
Jou Eleksyon An***

***Sa Fè Pati Pwogram Demokrasi Gouvènè a Pou Ranfòse Pwosesis Elektoral la
Epi Asire Moun New York Gen Opòtinite Pou Fè Yo Tande Vwa yo Nan Bwat
Elektoral la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo pral avanse yon modifikasyon 30 jou nan bidjè a pou finance refòm elektoral, sa enkli opsyon vote bonè nan tout eta a. Aksyon sa a pral ofri apeprè 7 milyon dola bay Bidjè Ekzekitif pou New York pou Ane Fiskal 2019 pou yo ofri opsyon vote bonè nan 12 jou ki vini anvan Jou Eleksyon an.

“Vote se potomitan nan demokrasi nou an, epi pèsòn pa ta dwe oblije chwazi ant ekzèsè dwa sakre li pou li vote ak ale travay, ale lekòl oubyen lòt angajman pèsònèl”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè yo ofri opsyon vote bonè nan tout eta a, n’ap kontinye kraze baryè devan demokrasi epi ede asire yo tande vwa tout moun New York.”

Pou rann li pi fasil pou moun New York vote, Gouvènè Cuomo te avanse yon lejislasyon ki enstitye opsyon vote bonè nan Eta a. Legislasyon sa a pral egzije pou tout konte yo ofri rezidan yo aksè a omwen yon sit biwo vòt antisipe pandan 12 jou avan Jou Eleksyon an. Elektè yo pral gen omwen uit èdtan nan jou la semèn yo ak senk èdtan nan wikenn pou yo depoze bilten vòt yo. Konte yo dwe genyen yon sit biwo vòt antisipe pou chak 50,000 rezidan epi konsèy administatif komite bipatizan yo pral detèmine lokalite espesifik pou biwo vòt la ye, ki sijè a estanda pou aksè ak konvenyans yo.

Aksyon sa a fè pati [Pwogram Demokrasi \(Democracy Agenda\)](#) Gouvènè Cuomo a, yon seri refòm odasye pou asire eleksyon rete lib ak transparan epi modènize sistèm elektoral pasemòd New York lan.

Anba lwa aktyèl la, New York se youn nan 13 eta sèlman kote vòt antisipe pa disponib epi yo egzije yon eskiz pou mande yon bilten vòt pa pwokirasyon. Nouyòkè yo ka vote atravè bilten vòt pa pwokirasyon sèlman si elektè a satisfè sèten kritè tankou si yo pa nan peyi a nan Jou Eleksyon an oswa si yo pa kapab ale nan biwo vòt la yo akòz yon andikap.

Rechèch lan montre ke angajman travay yo, lekòl, ak pèsònèl yo kapab anpeche elektè yo patisipe nan eleksyon Etazini yo. Vòt antisipe yo ta pral amelyore inibitè sa yo epi mennen a liy ki pi kout nan Jou Eleksyon an, deteksyon ak koreksyon bonè pou erè anrejistreman yo ak plis aksè pou moun vote. Aktyèlman, 37 eta ak Distrik Columbia deja pèmèt elektè yo depoze bilten vòt yo an pèsòn avan Jou Eleksyon an.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)